

La Bib pou ti moun  
prézanté

Danyèl ak rèv  
mistrye a



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Jonathan Hay  
Alastair Paterson

Adapté pa : Mary-Anne S.


Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children  
[www.M1914.org](http://www.M1914.org)

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,  
dépi sé pa pou van-n ou fè li.

Wa Nebikadneza te fè yon rèv, epi sa te boulvèse li.  
Gras ak Bondye, Danyèl te kapab eksplike wa a  
siyifikasyon rèv li a.




Premyèman, Danyèl  
te dekri rèv la avèk  
presizyon. "O wa, ou  
te wè yon gwo estati.  
Li te mengwosè epi li  
te tèlman bèl !"




3

"Tèt estati sa a te fèt an lò."




4

"Lestomak li ak bra li te fèt an ajan."




5

"Vant li ak ren li te fèt an bwonz."



6

"Janm li yo te fèt an fè, epi pye l yo te mwatye fè  
ak mwatye ajil."




7

Aprè Danyèl te fin dekri estati a pou wa a, li te  
rakonte l rèv rèv la.




8

"Ou t ap gade estati a lè yon wòch te kase poukont li."



9

"Wòch la te frape pye estati a ki te fèt an fè ak ajil la, epi li te kraze yo an miyèt moso."




10

"Aprè sa, estati a te kraze. Li te tounen pousyè epi li te vole ale." Danyèl te sispann pale. "Epi wòch la te vin tounen yon gwo mòn ki te plen tout latè."




11

Wa a te sezi. Se te egzakteman sa li te reve a ! Kijan Danyèl te ka konnen sa ? Se sèlman gras a Bondye Danyèl te kapab fè sa. Lè sa a, Danyèl te kòmanse ap eksplike wa Nebikadneza sa rèv li a te vle di.




12

"Bondye ki nan syèl la te ba w yon wayòm, pouvwa, puisans ak glwa," Danyèl te di wa a. "Tèt an lò a se w menm."



13

Danyèl te di wa a wayòm an lò li a pral fini. Pati an ajan estati a siyifi yon wayòm ki genyen mwens puisans pral pran plas li. Bwonz lan siyifi yon lòt wayòm. Epi fè a ak ajil la reprezante yon katriyèm wayòm.



PEYI WA 1


PEYI WA 2

PEYI WA 3

PEYI WA 4

14

Dènye bagay Danyèl te di wa a se te sa a : "Bondye ki nan syèl la apral tabli yon wayòm ki p ap janm detwi."



15

Wa a te rekonèt se sèlman Bondye ki te kapab bay Danyèl sa jès pou li konnen epi konprann rèv li a. Nebikadneza te rekonpanse Danyèl ak richès epi li te fè l vin yon nonm enpòtan nan wayòm li a.



16

Premye, dezyèm ak twazyèm wayòm yo te vini epi yo te disparèt.

Wayòm Bondye a ap vini apre katriyèm wayòm nan. Mesi a pral renyè sou tout latè. Epi se kapab nan pa twò lontan !

17

Danyèl ak rèv misterye a

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

Danyèl 2

"Pawòl Bondyé poté limyè."  
Sòm 119 : 130

18

Fen

32



60

19

Istwa bibliik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa : "Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité. Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

20